УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№2 (13864)

2024 гъэ, щIышылэм (январым) и 13, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) Правительствэмрэ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъухэр

## ЩIышылэм и 12-р — прокуратурэм и лэжьакIуэм и Махуэщ

***Къэрэшей-Черкес Республикэм и прокуратурэ къулыкъум пщIэ зыхуэтщI и лэжьакIуэхэ, ветеранхэ! Фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ дывохъуэхъу!***

Прокурор кIэлъыплъыныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ ди къэралым зэхъуэкIыныгъэ мымащIэ игъуэтащ, ауэ, зызмыхъуэжар ведомствэр ди къэралыр зегъэкIуэным и звено нэхъыщхьэу къызэрынэжаращ, правовой утыкур зыуэ щытыныр къызэрызэригъэпэщращ.

Къэрэшей-Черкесым и Прокуратурэм и къулыкъухэм я лэжьакIуэхэм ведомствэм пщэрылъ къыхуащIахэр пылъхьэншэу фогъэзащIэ, лъэпкъ проектхэр зэфIэвгъэкIкIэрэ хэгъуэгум и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хувощI, цIыхухэм я хьэлэмэтхэм я хъумакIуэу фыщытщ. Прокуратурэм и къулыкъухэр, Парламентымрэ Правительствэмрэ республикэм и хабзэкъэгъэщI лъэныкъуэмкIэ фызэрызэдэлажьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ди гуапэщ Къэрэшей-Черкесым и властым и къулыкъухэр зы хущIэкъуныгъэм – хэгъуэгум и зэпIэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыным, цIыхухэм я гъащIэр егъэфIэкIуэным, республикэм и шынагъуэншагъэмрэ хабзэр тепщэу щытынымрэ къызэгъэпэщыным фызэрызэгуигъыхьэр.

МахуэщIым ипкъ иту фIыщIэ фхудощI фи пщэрылъхэм фызэрыхуэпэжым, фи къулыкъум гуихауэ фызэрыбгъэдэтым, Хэкум и хьэлэмэтхэм фызэрыхуэщыпкъэм папщIэ! Къулыкъум и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмрэ дывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фиIэну!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

## ЩIышылэм и 13-р — Урысейм и печатым и Махуэщ

***Къэрэшей-Черкесым пщIэ зыхуэтщI и журналистхэ, СМИ-м и лэжьакIуэхэ! Фи IэщIагъэ махуэщIымкIэ — Урысейм и печатым и МахуэмкIэ дывохъуэхъу!***

ЦIыхухэр хъыбархэм щыгъэгъуэзэным къыщымынэу, фи къалэнхэр убгъуащ. Фэ ди хэкуэгъухэм зыIэрагъыхьэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ, ябгъэдэлъ зэчийм фыкъытопсэлъыхь, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ гъэбыдэным, лъэпкъыбзэхэр хъумэным хэлъхьэныгъэ хувощI, хэгъуэгум и гъащIэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэхэм цIыхухэр щывогъэгъуазэ, щIэджыкIакIуэхэр зыщIэлъэIу тхыгъэхэм фыподжэж.

Ди гуапэщ къыхэдгъэщыну, республикэм и печать СМИ-м и хъыбарегъащIэ технологиемрэ цифровизацэмрэ зэманым зэрыдэбакъуэр, апщыгъуэми, хэгъуэгум и прессэм и хабзэ нэхъыфIхэми хуэпэжу къызэрынэжыр.

Къэрэшей-Черкесым и журналистхэм я IэщIагъэм фIыуэ зэрыхацIыхукIым щыхьэт тохъуэ республикэ, хэгъуэгупсо, урысейпсо зэпеуэхэм журналистхэмрэ сурэттеххэмрэ текIуэныгъэхэр къызэрыщахьыр.

Мы махуэм, псом хуэмыдэу, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ редакцэхэм я ветеранхэм, лэжьакIуэхэм – редактор нэхъыщхьэхэм, жэуап зыхь секретархэм, операторхэм, газетым и теплъэм елэжьхэм, корректорхэм, водителхэм – фIагъ зиIэ прессэ щыIэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэнэми.

Дывохъуэхъу зэIузэпэщыныгъэ, мыкIуэщI творческэ къару, ехъулIэныгъэ фиIэну!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

«Земский доктор»



*«Земский доктор» программэм ипкъ иту Абазэ район купсэ поликиникэм илъэс 12 хъуауэ щылажьэ дохутыр-гинеколог МАМБЭТ Ленэ Рудик и пхъум и лэжьэгъуэ махуэхэр сыт щыгъуи купщIафIэу йокIуэкI...*

# Къуажэдэсхэр зыхуэныкъуапэщ

«Къуажэ дохутыр» программэр зэрагъэзащIэм ипкъ иткIэ, 2018-2023 гъэхэм Къэрэшей-Черкесым и къуажэхэм щылажьэ медицинэ IуэхущIапIэхэм унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ IэщIагъэрылажьи 160-м щIигъу лэжьапIэ ягъэкIуащ. Дызэрыт илъэсым и кIэ хъуху иджыри дохутыр 19 IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и жэрдэмкIэ IэщIагъэрылажьэхэм зэ тыгъуэкIэ ират федеральнэ компенсацэ ахъшэм республикэм и бюджетым къыхэкIыу сом мини 100 дыщIагъу.

«Мы гъэм къуажэхэм дэт медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ дохутырхэмкIэ къызэгъэпэщыныр пытщэнущ. Урысейм и Президент Путин Владимир мызэмытIэу тепсэлъыхьащ фIагъ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм дэнэ дежи щагъуэтын зэрыхуейм. ИкIи апхуэдэ мурадкIэ, ди Президентым и жэрдэмкIэ, «Къуажэ дохутыр» программэр зэхагъэувауэ щытащ. Ар икъукIэ щхьэпэ цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэт амбулаториехэр, поликиникэхэр зыхуей IэщIагъэлIхэмкIэ, медицинэм и лэжьакIуэхэр, псом хуэмыдэу, IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэхэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным.

Ди къуажэ дохутырхэм сывохъуэхъу жэуаплыгъэ зыпылъ лэжьапIэщIэм ехъулIэныгъэ щывиIэну, къуажэдэсхэм – узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фыщымыщIэну!» — Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид щитхащ телеграм каналым щиIэ напэкIуэцIым.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

ЩIалэгъуалэм и Илъэсым

**Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид 2024 гъэр ди республикэм деж щIалэгъуалэм и Илъэсу игъэуващ.**

# Гулъытэрэ зыужьыныгъэрэ

«КъызэрыслъытэмкIэ, щIалэгъуалэм гулъытэ нэхъыбэ едгъэгъуэтыпхъэщ, я къыщIэдзэныгъэхэмрэ мурадхэмрэ щIэгъэкъуэн дахуэхъупхъэщ. Хэгъуэгум и властым хэтхэм аращ ди къалэн нэхъыщхьэр – ди щIалэгъуалэм республикэм деж зыщиужьынымкIэ Iэмал псори едгъэгъуэтынращ.

ИджыкIэ дызытетыну лъагъуэхэр къыхэдгъэщагъэххэщи, абыхэм дытету жыджэру дылэжьэн хуейщ. Гулъытэ хэха зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэтщIынущ. Апхуэдэу, хэкупсэ гъэсэныгъэр и лъабжьэу ди хэгъуэгум дауэдапщэ 50-м щIигъу екIуэкIынущ. Абыхэм ящыщщ республикэ военно-хэкупсэ форумыр, «Зарница 2.0» гражданско-хэкупсэ джэгукIэр, «Патриот» Урысейпсо военно-спорт джэгукIэм и хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэр», — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм-каналым.

КъинэмыщIауэ, Къэрэшей-Черкесым и лIыщхьэм зэрыжиIамкIэ, ди хэгъуэгум лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэчийхэр къызэкъуэхыным хуэунэтIауэ. Апхуэдэу, мы гъэм «Регион для молодых» программэм ипкъ иту Къэрэшей-Черкесым щIалэгъуалэм тегъэпсыхьа хэщIапIищ къыщызэIуахынущ — Черкесск, Карачаевск къалэхэм, Кавказскэ жылагъуэм. Зеленчук районым цIыху 90-м тегъэпсыхьа гъэмахуэ пщыIэ лагерь дагъэувэнущ.

КъинэмыщIауэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ Федеральнэ агенствэм КЧГУ-мрэ СКГА-мрэ я лъабжьэу студентхэм яхуэгъэпса утыкуитI къызэригъэпэщынущ. А псом и щIыIужкIэ Черкесск къалэмрэ Кавказскэ жылагъуэмрэ добровольчествэм зиужьын папщIэ «Доброцентры» купсэхэр къызэIуахынущ.

Хэгъуэгум и Iэхэлъахэм Урысейпсо форумитI щекIуэкIынущ – «Махар - 2024», къуажэдэс щIалэгъуалэм и форум.

«2024 гъэр ди щIалэгъуалэмкIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ 300-м нэхърэ нэхъыбэкIэ гъэнщIауэ щытынущ. Ди ныбжьыщIэхэ! Си фIэщ мэхъу дэтхэнэми мы илъэсым ехъулIэныгъэщIэхэр къызэрыхуэунэхунур! ГукъэкIыфIхэр фиIэну сывохъуэхъу!» — щIигъэбыдыхыжащ и гупсысэр Темрезов Рэшид.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и**

**УНАФЭ**

***Усть-Жэгуэтэ районым и №2 хьэкум участкэм и мировой судья IэнатIэр Есэн Мурат Мухьэмэд и къуэм хуэгъэфэщэным теухуауэ***

2000 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 27-м къыдэкIа, зи №33-РЗ, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и «О мировых судьях в Карачаево-Черкесской Республике» унафэм и е 7-нэ статьям къызэригъэувым тету, унафэ ещI:

1. КъЧР-м и Усть-Жэгуэтэ районым зи №2 хьэкум участкэм и мировой судья IэнатIэр Есэн Мурат Мухьэмэд и къуэм пIалъэ пыухыкIа имыIэу хуэгъэфэщэн.

2. Мы унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм къыщегъэжьауэ.

**ИВАНОВ А.,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**Черкесск къалэ,**
**2023 гъэ,**
**дыгъэгъазэм (декабрым) и 26-рэ**
**№350**

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид республикэм щыпсэухэм яхъуэхъуащ къуэдмэзхэм, лъэпкъ паркхэм я Махуэм и щIыхькIэ.

Щыуэпс

# Лъэпкъ паркхэр хъумэным

«ЩIышылэм и 11-р ди къэралым щагъэлъапIэ хэхауэ хъумэн хуей щIыпIэхэм — къуэдмэзхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ я Махуэу.

Къэрэшей-Черкесыр ирогушхуэ и щIыуэпс беягъым, Урысейм щыцIэрыIуэ Тебэрды лъэпкъ паркым.

Шэч хэлъкъым, гектар мини 112-рэ хъу, Урысейм и тхылъ Плъыжьым иратха къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэкIэ къулей Тебэрды паркыр — Кавказым и налкъутналмэсщ. Мы лъэпкъ паркым гуэли 157-рэ, псы къелъэу 100, мылылъэу 100 къызэщIеубыдэ. Абыхэм еплъыну къекIуалIэр республикэм щыпсэухэм я закъуэкъым, атIэ дэнэ хэгъуэгуи къокIри зыщаплъыхь.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ республикэм и щIыуэпс къызэрымыкIуэр тхъумэнымрэ дгъэбэгъуэнымрэ. Ар и купщIэу хэгъуэгум щолажьэ УФ-м и Президентым и жэрдэм «Экология» лъэпкъ проектыр. ЩIыуэпс акцэхэм япкъ иту мэзхэр, псы Iуфэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щIыпIэ цIыху кIуапIэхэр ягъэкъабзэ. АтIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэрэ дахэу къызэтенэныр дэращ, абы худиIэ щытыкIэращ зэлъытар. А Iуэхум я гуащIэ Iыхьэ ин халъхьэ къуэдмэзхэм, лъэпкъ паркхэм я лэжьакIуэхэмрэ волонтерхэмрэ.

Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу щIыуэпсым хуэлажьэ IэщIагъэлIхэм я зэфIэкI лъагэхэм, я лэжьыгъэм хуаIэ икърарым папщIэ!

Къэрэшей-Черкесым иджырэ къэс щымыIахэм, ауэ и дахагъыр зэзыгъэлъагъуну хуейхэм, «фыкъеблагъэ» яжыдоIэ!» — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм-канал напэкIуэцIым.

IэщIагъэ махуэщIым

# Ди гуащIэр къыхагъэщу



Урысейм и печатым и Махуэм ехъулIэу, республикэм къыщыдэкI газетхэр здыщылажьэ печатым и Унэм къытхуеблэгъащ икIи дагъэлъэпIащ къэрал власть, хабзэхъумэ къулыкъухэм, журналистхэм я хэгъуэгу Союзым, жылагъуэ, хэкупсэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм.

ЩIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ къыхагъэщащ республикэ лъэпкъ газетхэм я редакцэхэм я лэжьакIуэхэр, печать къулыкъум гуащIэ хуэзыгъэтIылъ творческэ гупхэр.

Гуапэ зэрытщыхъуну, «Черкес хэку» газетым щылажьэ творческэ гупми, журналист щхьэхуэхэми: Туаршы Ирэ, Аслъэныкъуэ Мадинэ, Джыджий Динэ сымэ ди цIэр кърaIуащ щIыхь нагъыщэхэмкIэ.

ФIыщIэшхуэ яхудощI гулъытэ къытхуэзыщIа дэтхэнэми.

Унафэ

# Къахуэувыну пщэрылъхэм хуэхьэзыру

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэгъуэгум ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ и Министерствэмрэ къат куэду зэтет унэхэм я управляющэ компанэхэмрэ пщэрылъ яхуищIащ аварийнэ, коммунальнэ къулыкъухэр щIымахуэм и щIыIэгъуэм зэрыхуэхьэзырыр щIаплъыкIыну.

Синоптикхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, тхьэмахуэм и кIэ нэгъунэ нэхъри щIыIэ хъуурэ екIуэкIынущ. ХэгъэщхьэхукIауэ нэIэм щIагъэуващ социальнэ, гъащIэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэр. Псом япэу, апхуэдэ псэуалъэхэм яхохьэ узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм пылъхэр, псэупIэ коммунальнэ хъызмэтхэр, хьэку-гъэплъыпIэхэр.

Темрезов Рэшид апхуэдабзэу Къэрэшей-Черкесым ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ и Министерствэмрэ фэтэр куэду зэхэт псэупIэ унэхэм я управляющэ компанэхэмрэ къалэну яхуигъэуващ аварийнэ щытыкIэхэр къэмыхъуным псэуалъэхэр хуагъэхьэзырыну.

Iуэхухэр псынщIэу, зэгурыIуэу ирагъэкIуэкIын хуейщ. Абы папщIэ зэпымыууэ лэжьапхъэщ хуабэ, электрокъару къэзыт организацэхэм я аварийнэ къулыкъухэм я телефонхэр.

Абы къинэмыщIауэ, цIыхухэм и чэзум икIи псынщIэу зыпащIэн папщIэ ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ Министерствэм иджыри къызэIуихынущ «зэпыщIэныгъэ псынщIэм» и телефонхэр.

**Фыщыдогъэгъуазэ: 8-800-200-27-37, 8-909-493-27-59 – жэщи махуи мэлажьэ; 8-878-22-6-12-72, 8-878-22-6-58-29 — лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэтыр 9-18-хэм.**

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**

«Земский учитель»

# ЕгъэджакIуэхэр — къуажэм

**2024 гъэм къриубыдэу «Земский учитель» программэм хэтын мурадкIэ ди республикэм щыщ егъэджакIуэ 30-м тхылъ ирагъэхьащ. Абыхэм щыщу 2-ращ зэхьэзэхуэм пхыкIынур, ахъшэкIэ щIэгъэкъуэн зыгъуэтынур.**

Къыхэгъэщыпхъэщи, Къэрэшей-Черкесым «Земский учитель» программэм лэжьэн зэрыщыщIидзэрэ егъэджакIуэ 50 къуажэ еджапIэхэм Iуагъэхьащ.

Мы программэр ди хэгъуэгум 2020 гъэ лъандэрэ щагъэлажьэ. ЗэрыфщIэщи, программэм и IэмалкIэ зэ тыгъуэу къуажэм е къалэ цIыкIум (зи цIыху бжыгъэр мин 50-м нэмыс) лэжьапIэ Iухьа егъэджакIуэм зы сом мелуан IэщIагъэхьэ.

КъинэмыщIауэ, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ, 2022 гъэм щегъэжьауэ «Земский учитель» программэм щытекIуахэм хэгъуэгум къыбгъэдэкIыу сом мини 100 ират.

«Земский учитель» программэм и къалэн нэхъыщхьэр къуажэхэм, жылагъуэхэм загъэужьынращ. Къэрэшей-Черкесым мы программэм хэтынухэм я дэфтэрхэр зэгъэзэхуэныр зи пщэ илъыр республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэращ.

Программэм хэтыну хуейхэр мы телефон номерхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **8(878-2)26-69-37, 26-69-58.**

**ЧЫРБЫЖ Иринэ**

2024 гъэр — Унагъуэм и Илъэсщ

# Унагъуэ угъурлым я жьэгу мафIэр

**УФ-м и Президентым и унафэкIэ, мы гъэр Унагъуэм и Илъэсу ягъэуващ. Шэч хэлъкъым, дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ зэрыгушхуэ, щапхъэ зытрах унагъуэхэр. Ди гуапэщ мы гъэр зытраухуам дызэрыпэджэжыну тхыгъэ куэдым я пэублэу Молэхэ я унагъуэ угъурлымкIэ къыщIэддзэну.**



Абыхэм ди япэ гулъытэр щIахуэдгъэфэщар щхьэусыгъуэншэкъым. АтIэ, Молэхэ Рэшидрэ Светланэрэ я унагъуэр къызэрагъэщIарэ мы гъэм щIышылэм (январым) и 13-м илъэс 60 ирокъу, «бриллиантовая свадьба» жыхуиIэщ нобэ зэдагъэлъапIэр. Налкъутналмэсым я нэхъыфIрэ я нэхъ быдэу щыIэм хуагъадэ ныбжьщ ар икIи ар щынэрылъагъущ Молэхэ я унагъуэм.

Гъэунэхуныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ ипсыхьа унагъуэм нэхъ быдэ щымыIэу жаIэ. Ар зэрыпэжыр хьэкъ пщохъу, Молэхэ нэIуасэ уахуэхъуа нэужь. Нобэ Рэшидрэ Светланэрэ я гуфIэгъуэ махуэщ икIи гъунэжщ я гукъэкIыжхэр. Ахэр толъкъунщи, зэтрекIэ, зэрызохьэ. Зэм гукъэкIыжхэр гугъуехьхэм хуокIуэж, пшагъуэ хьэлъэу гум къытегъуалъхьэу. Зэми уэфIу зыкъызэрадзэкIыжри, нэхъыжьитIым я нэгухэм гуфIэгъуэр къыщIоувэж.

Зеикъуэ къуажэ еджапIэм япэ дыдэу щызэрылъэгъуа ныбжьыщIитIым, тхьэм ирещIи, я япэ зэIуплъэгъуэр я гъащIэ унафэ хъуагъэнт, ищхьэкIэ уи натIэ къритхам уфIэкIынукъым жыхуиIэу. Адыгэ хабзэ дахэм тету, щIалэр куэдрэ пщащэм хукъуэплъащ, хуещащ, модрейми зыкIи зылъимыгъэгъуазэу. Ауэрэ Рэшид еджапIэр къиухащ, Свети и къуажэм игъэзэжащ, абдеж еджапIэр къыщиухыжыну. Апхуэдэу илъэситI текIащ, зэрымылъагъурэ зэрымыщIэу. Рэшид пединститутым щеджэну щIыхьащ, Светланэ — курыт еджапIэ нэужьым сату техникумым щIэтIысхьащ. Иужьым зэрымыщIэкIэ зэIущIэжа ныбжьыщIэхэм нэхъ балигъ гухэлъ гуэр къахуэушагъэнщ, зэхуэтхэни щIадзащ. Къуажэм зыри щыбущэхуфынукъым жыхуиIэрати, пщащэм и лъэныкъуэкIи, щауэм дежкIи, зыгуэрхэр къацIыхуащ, щыгъуэзащ. Абы тетуи ныбжьыщIэхэм я Iуэхур езы тIум нэхърэ нэхъ псынщIэу зэрахуэн щIадзащ.

1964 гъэм щIышылэм (январым) и 13-м Рэшидрэ Светланэрэ я нысашэр, къуажэм щыяпэ комсомольскэ нысашэр, зэхэтащ.

Рэшид къэзыцIыху дэтхэнэри зэрыщыгъуазэщи, гушыIэшхуэ зыхэлъщ. Абы и зы щапхъэ къэтхьыну дыхуейт. Рэшиди яхэту, гупкIэ фызышэ кIуащ Светланэ зипхъу Лъысхэ я деж. Пщащэм и унагъуэм цIыхур щымыкуэд хъурэт, апхуэдэ Iуэху къыкъуэкIауэ! Мо кIуахэм къахэплъэри, гъунэгъу бзылъхугъэр Рэшид къеупщIащ «щауэр дэтхэнэра?» — жери. Фызышэ кIуа гупым я шофер, ныбжьыфI зиIэр Рэшид бзылъхугъэм иригъэлъэгъуащ, «морэщ» жыхуиIэу. ГурыIуэгъуэщ фызым икъукIэ зэрызригъэщIэгъуэкIар я пщащэ пылъхьэншэр апхуэдэ ныбжь зиIэм зэрыдэкIуэр. Иужьым пэжыр къацIыхуащ икIи IуэрыIуатэу къахэнащ...

Унагъуэ зэдащIа нэужь, Зеикъуэ курыт еджапIэм куэдрэ щызэдэлэжьащ зэщхьэгъусэхэр. Рэшид еджапIэм и унафэщIуи щытащ. Иужьым и IэнатIэкIэ дэкIуэтеящ, къулыкъу зэхуэмыдэхэм пэрытащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, я лэжьапIэ къалэнхэри, я унагъуэ Iуэхухэри мащIэтэкъым унагъуэщIэ зэдэзыщIа ныбжьыщIэхэм. А псоми пэмылъэщынми зы хуэIуатэкъым Рэшид и анэм и дэIэпыкъуныгъэр хэмытамэ. Ноби, сыт щыгъуи зэщхьэгъусэхэм фIыкIэ ягу къагъэкIыж, псалъэ гуапэ куэди хужаIэ я унагъуэм чэнджэщэгъуу, ущиякIуэу, унэтIакIуэу иса нэхъыжьыфIым. ЗэраIуэтэжымкIэ, нысэмрэ гуащэмрэ зэанэзэпхъум хуэдэ зэхущытыкIэ дахэ яку дэлъащ. Гуащэм унагъуэкIуэцI Iуэхухэр зэфIигъэкIауэ нысэр къригъэкIуэлIэжт, сабийхэр япIынымкIи дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъут. Рэшид Iуэхум хигъэкIкъым и анэмрэ щхьэгъусэмрэ я зэгурыIуэныгъэм и фIыщIэкIэ унагъуэр зэгуэрми ерыскъыншэ Iуэхуншэ зэрымыхъуар. ГъащIэ гъуэгум щызэдытехьа лъэбакъуэхэмрэ нобэ зыхунэсамрэ зэралъыткIэрэ, шэч хэлъкъым, Молэ зэщхьэгъусэхэм яIэщ зэрыгушхуэн. Нэхъыщхьэращи, псори я пщIэнтIэпсщ, я къарущ къызыпэкIуар. Апщыгъуэми я напэр къабзэщ, я цIыхугъэ епцIыжакъым.

Мылъкуу щыIэм я щхьэжщ Рэшидрэ Светланэрэ къащIэхъуа щIэблэ хъарзынэр. Бынитху зэдапIащи, абыхэм щIэблитI къатепщIыкIыжащ. Дадэ-нанэр ирогушхуэ дэтхэнэми и ехъулIэныгъэм. Я нэхъыжь Мэрян Куэш-Хьэблэ щопсэу, Бархэ я нысэщ, зы хъыджэбз иIэщ. Фатимэ Ставрополь дэсщ, МВД-м щолажьэ, полковникщ, дохутырщ. Бынищ иIэщи, нэхъыжьым Сеченов и цIэр зезыхьэ медицинэ еджапIэшхуэр къиухащ, Москва щопсэу, МВД-м щолажьэ. Мират следовательщ, майорщ, Москва и лъэщыуvauэ щопсэу. Булат юридическэм щоджэ, ещанэ курсщ. Фатимэ нанэ хъуащ, къуэрылъху цIыкIуи иIэжщ.

Мыхъутари Москва дэсщ, ищхьэ нагъыщэ зиIэ дохутырщ, езым и клиникэ егъэлажьэ. КъуитI иIэщ, нэхъыжь Рэмэзан финанс академиер къиухащ, щIалэ нэхъыщIэри а академием щоджэ.

Молэхэ япхъу Мадинэ логопедщ, москвадэсщ. Япхъу Саидэ лингвистическэ академием щоджэ.

НэхъыщIэ дыдэ Рэмэзан анэадэм ябгъэдэсу, Черкесск щопсэу. Полицэм хэтщ, подполковникщ. Бынищ иIэщ, иджыри курыт еджапIэхэм щеджэ щIыкIэщ.

Я бынитхум халъытэу Рэшидрэ Светланэрэ ныситI яIэщ. Наташэ сабий дохутырщ, нысэ нэхъыщIэ Мадинэ къахэсщ, МВД-м щолажьэ, дадэ-нанэм ятеубгъуащ, егъафIэ, зыхуей хуегъазэ.

«Илъэс 60 гъащIэ гъуэгу къызэдэфкIуащ. Ар мащIэ хьэмэрэ куэд?» — жытIэу Рэшидрэ Светланэрэ дащеупщIым, дызэмыжьащ къыдата жэуапыр.

«Илъэс 60-р мащIэщ, мащIэ дыдэщ. Ар щIыжытIэр ди гъащIэр зэрыхъуамкIэ дримыкъуауэ аракъым. МащIэщ, сыту жыпIэмэ, дэ ди зэхущытыкIэм, ди псэукIэм, дуней тетыкIэм ди быныр, абы къащIэхъуэжар махуэ къэс щIэдгъэплъын, щIэдгъэдэIун, щапхъэ дахуэхъун хуейщи аращ. ИкIи апхуэдэ лэжьыгъэр лъащIэншэ-гъунэншэщи, зэгуэрми ирикъунукъым», — жаIащ зэщхьэгъусэхэм.

Рэшид мы гъэм илъэс 85-рэ, Светланэ илъэс 83-рэ ирокъу. Апхуэдэ ныбжь дахэм ахэр екIуэлIащ я жьыщхьэр махуэу, яхэлъа цIыхугъэм, адыгагъэм емыпцIыжауэ, я унагъуэр цIыху кIуапIэу, ныбжьэгъур я куэду, я Iэгур я Iэнэгуу, къащIэхъуа щIэблэр я гушхуапIэу, я зэхущытыкIэр цIыхубэм я щапхъэу. Апхуэдэ фIыгъуэхэракъэ, атIэ, цIыхум и щхьэ хуигъазэу Тхьэ щIелъэIур?! Аращ икIи апхуэдэ и нэфIыр къащихуащ Молэхэ.

Мы унагъуэ угъурлым я жьэгу мафIэр зэгуэрми мыужьыхыну, нэхъыжьитIыр я жьантIэдэсрэ нэхъыщIэхэм я жьауапIэу иджыри илъэс куэд къызэдакIуну Тхьэм жиIэ!

**ТУАРШЫ Ирэ**

**Хабзэншагъэмрэ Iулъхьэмрэ бэнэныгъэ дезыгъэкIуэкIын нэIэ къулыкъу Пётр Езанэм и жэрдэмкIэ къагъэщIауэ щытащ илъэс 320-м щIигъукIэ узэIэбэкIыжмэ. Ауэ, совет зэманым щыгъуэ, прокуратурэм нэгъуэщI лъэкIыныгъэхэр иIэ мэхъу. Ар ящI зыми емыпхауэ лажьэ къулыкъу. Сыт щыгъуэ хуэдэуи, абы и къалэнщ ди къэралым и хабзэхэр зэрызэрахьэм, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ, Конституцэр зэрахъумэм кIэлъыплъыныр.**

**МахуэщIым ипэ къиххуэу, ди гуапэу псэлъэгъу зыхуэтщIащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и прокурорым и къуэдзэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь ДОХЪУШОКЪУЭ Аслъэн Зураб и къуэр.**

ЩIышылэм и 12-р — прокуратурэ къулыкъум и лэжьакIуэм и Махуэщ

# «Уи нэгу зэIухауэ уапыкъуэкIмэ...»



**— Республикэм и прокурорым и къуэдзэ IэнатIэр къызэрыпхуагъэфащэрэ, уи къалэнхэм зыгуэркIэ захъуэжа, къахэхъуа?**

— Прикубан районым илъэситхукIэ, Усть-Жэгуэтэм илъэситIым нэблагъэкIэ прокурору сызэрыщылэжьам си зэфIэкIри зэхэщIыкIри зэрипсыхьар сэркIэ гурыIуэгъуэти, мы IэнатIэр къыщысхуагъэфащэм, си щыпэлъагъу гуэр си пщэ къыдалъхьэмэ жысIэу гузэвэгъуэ сыхэтакъым. Районхэм сыщыщыIам згъэзэщIауэ щыта къалэн дыдэхэращ иджыпстуи къысхуащIар, ауэ хэгъуэгу мыхьэнэ яIэу.

Сыкъызыхэхуа гупым лэжьыгъэу игъэкIуатэм хэхауэ и гугъу сщIынщи, уголовнэ Iуэхухэм яхьэлIауэ хьэкумым къихь унафэхэр я пэжагъ-захуагъкIэ зэхегъэкI, хьэпсэ ящIахэм якIэлъоплъ, и нэIэ ятетщ щIэныгъэ-чэнджэщ советым игъэкIуатэ Iуэхухэми, цIыхухэм прокуратурэм къыщIалъхьэ лъэIу тхылъхэми.

**— ЛъэIу тхылъкIэ Прокуратурэм зыкъыфхуэзыгъэзам и Iуэхур зэхэвгъэкIын щевгъажьэкIэ, абы зэман дапщэ ихьынуми гурыIуэгъуэ?**

— Зы пIалъэ иIэу щытмэ. Къэрал Думэм игъэува хабзэм и мардэм дытету долажьэ. ЦIыхум и зыхуэгъэзэныгъэр зэрызэхагъэкI щIыкIэр къыщыхьауэ Федеральнэ хабзэ зэрыщыIэм хуэдэу, Прокуратурэми езым иIэжщ зэрылажьэ жыпхъэ, федеральнэ прокуратурэм и унафэкIэ щIэгъэбыдауэ. Гузавэу къытхуэкIуам, хабзэм ипкъ иту дыщхьэмыпэфа, прокурор бгъэдыхьэкIэм мащIэу дыкъытокIри, цIыху хуэдэу Iуэхум дыбгъэдохьэ: дэIэпыкъуныгъэ хуейм депсалъэкIэрэ, белджылы дощI и гукъеуэр зихуэдэр, зыдогъащIэ и унагъуэр гугъуехь хэтми, сыткIэ дыщхьэпэфынуми.

**— Инэхъыбэм сыт хуэдэ щытыкIэ ихуэрэ прокурор дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу къыщIэкIыр?**

— Социальнэ хуитыныгъэхэр зыфIэкIуэда, ЖКХ-мрэ къинэмыщI жылагъуэ хуэIухуэщIэхэмрэ зымыгъуэтхэращ. Куэдым зыкъытхуагъазэ хьэкум приставхэм я лэжьыгъэр захуэу, нэгъэсауэ зэрамыгъэзащIэм щхьэкIэ. ТхьэусыхэхэрищIыхуэ зыт организацэхэращ. ЩIыхуэ зытелъхэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIкIэ игъуэу ахъшэ ятыжыфкъыми, нэгъуэщI Iэмал щамыгъуэтыжыхкэкIэ, я Iуэхухэр зэхэдгъэкIыну банкхэр къыдолъэIу. Социальнэу гулъытэ зылъысыпхъэхэм халъытэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ спецоперацэм дагъуэ щыхэзыха зауэлIхэмрэ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, СВО-м зи къулыкъу щезыхьэкI ди хэкуэгъухэм унагъуэ бынибэ е дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ яхэтмэ, апхуэдэхэм гулъытэ лей яхуэщIыным къаруурэ диIэр идохьэлIэ.

**— Прокуратурэр зыдэIэпыкъуам фыщыIуигъащIэ къэхъурэ нэгъуэщI лъэпощхьэпо, Iуэхум хэмыту?**

— Iэджэри къэхъуащ апхуэдэу. ЖысIэнщи, ЖКХ-м ехьэлIа упщIэ зиIэу къытхуэкIуэм, никъуэдыкъуагъ зытелъ сабий иIэу, абы къытехуэ хущхъуэхэрэ социальнэ ахъшэрэ хабзэкIэ къыхудимыхыфу къыщIокI. Уи нэгу зэIухауэ апхуэдэхэм уапыкъуэкIмэ, и зы Iуэхукъым, атIэ зыбжанэ хуэбгъэкIуэтэным зыри хуэIуакъым.

**— Прокурор бэзым и лэжьыгъэр зэрыгъэпсам и гугъу тIэкIу къытхуэпщIамэ хъунут. Илъэс къэс пыухыкIауэ план вгъэхьэзырррэ, хьэмэрэ цIыхухэм я зыхуэгъэзэныгъэм елъытауэ фылажьэрэ?**

— Iэмал имыIэу. Прокуратурэм къытхуегъэув дгъэзэщIапхъэ Iуэхухэр. Апщыгъуэми, дэтхэнэ лэжьыгъэми иIэжщ кIэ щеттын хуей пIалъэ. Сэ си пщэ кърадъхьар уголовно-хьэкум къудамэращи, къытщыгугъыу зыкъытхуэзыгъэзам гуихауэ дызэрыпыкъуэкIыным, и Iуэху зэрыхузэфIэтхыным дыпылъщ. Къэрэшей-Черкесым и Прокуратурэм къудамэу, къэрал комитету хэтым я Iуэху лэжьыкIэмкIэ жэуаплыгъэ сохь. Сызыдэлажьэ гупыр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI защIэщ, зэрымыщIэкIэ зыми прокурор фащэр къылъысакъым, щхьэж и къалэным хуэфэщэжщ.

**— Аслъэн, уэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм упэрытащ. Къулыкъу зехьэным нэхъыщхьэ дыдэу сыт къыуитауэ, къыпхилъхьауэ, плъытэр?**

— Зы псалъэ закъуэкIэ тыншкъым абы жэуап ептыну. ЦIыху IэпщIэлъапщIэ хуэдэу уасэ зыхуэзгъэувыжыну екIукъым, дауикI, ар си унафэщIхэм къызэралъытэщ. Ауэ, цIыху къызэрыкIуэу зыкъэсщтэжынщи — япэрауэ, сщIэм, злэжьым си щIэщыгъуэ хуикIакъым. Ену гукъыдэж хузиIэщ жылагъуэм и хьисэп зыхъумэ къулыкъум сепхауэ сыщытыным. ИтIани, гъащIэм уи мынэIуасэ цIыхухэр къыщыуишалIэкIэ, абыхэм я гукъеуэми дерс пхуэхъун куэд къахыбох, ди зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэр нэхъ тэрэзу къыбгурыIуэн щIыбодзэ.

ЩIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ си псыхуэлIэр зэи икIынукъым. ЗэрыжаIэщи, азбару тхылъ псо зэгъэщIэгъуей хъунущ, ауэ щIэщыгъуэу зыгуэр къэлъыхъуэныр хьэл-щэн зыхуэхъуам зыри пхуещIэжынукъыми, ноби зызогъасэ, зызоужь. Сызыхэт къулыкъум нэхъыщхьэу къызитауэ солъытэ укъызыщхьэщыжыпхъэ цIыхум гумащIэу сызэреплъыр, напэ зимыIэм, бзаджэнаджэм — зэрыхуэфащэкIэ сызэрыпыкъуэкIыр. А тIур сыкъэмыскIэу зэхызогъэкIыф. КъыщызыкъуэтхынурдымыщIэми, Тхьэм къыбгъэдэкIауэ, адэ-анэм лъыкIэ къыдатауэ псоми тыгъэу дбгъэдэлъщ апхуэдэ фIылъагъуныгъэ.

**— Прокуратурэм и лэжьакIуэм и Махуэм папщIэ сыткIэ захуэбгъэзэн уи къулыкъущIэгъухэм?**

— Сахъуэхъуну сыхуейщ узыншагъэ быдэ яIэну! Зэрахьэ IэнатIэм шыIэныгъэ хуаIэмэ, нэхъри я IэщIагъэм хуэIэзэ хъунущи, жылагъуэ утыкум дежи я пщIэр щыинынущ.

**— Тхьэм уигъэпсэу!**

**Епсэлъар ЛЫХЬ Тимурщ**

Урысейм и печатым и Махуэм

# Адыгэ журналистикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа

**ТхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ Дым Iэдэм адыгэ журналистикэм и гуащIэ хилъхьащ. Абы тхэным зэрызыпищIар цIыхухэр зыпэмыплъат, ауэ езыр куэдрэ зэгупсыса, зыхущIэкъуа Iуэхут. Ари и щыхьэтщ Дымыр лъэпкъым и гъащIэм епхауэ, зэманым декIуу зэрыпсэуам.**

**1917 гъэм Урысейм щекIуэкI революцэ зэщIэхъееныгъэр адыгэ лъэпкъми, Кавказым щыпсэу адрей бгырысхэми зэхуэдэу къажьэхэуат. А зэманырщ газет къыдигъэкIыну Дымым мурад щищIар. АбыкIэ ар адыгэхэм ядэIэпыкъуфынут дунейм щекIуэкIхэм щыгъуазэ защIынымкIэ, Iуэхур зыIутыр къагурыIуэнымкIэ.**



Лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэтриублэн папщIэ, Iэдэм типографие къызэригъэпэщащ. Бахъсэн къыщызэIуаха тхылъ тедзапIэр «Дым зэкъуэшхэм я типографие» жиIэу тхыдэм къыхэнащ. Типографием мыхьэнэ ин дыдэ иIэт – абы адыгэхэм Iэмал яритырт цIыху цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм езыхэм я анэдэлъхубзэмкIэ еджэну. Ар лъэпкъыр щIэныгъэм хуэшэным и япэ лъэбакъуэт.

Дымхэ я типографиерщ Къэбэрдейм тхылъ къыщыдэкIыным щIэдзапIэ хуэхъуар. Абы цIыху цIэрыIуэ куэдым я тхылъхэр къыщыдэкIащ. Абы яхэтщ езы Дымым и лэжьыгъэхэу тхылъ къыдэгъэкIын Iуэхум и фIыпIэ хъуахэри: «Щэнгъасэ», «ПсалъэфI», «Сабийхэм я тхыгъэ» жыхуиIэхэр.

Iэдэм типографием и къызэгъэпэщакIуэ къудейтэкъым, атIэ Къэбэрдейм тхылъ тедзэн щызэтезыублари аращ. Япэ дыдэ адыгэбзэкIэ газет къыдэзыгъэкIари, адыгэ журналистикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъари Дым Iэдэмщ.

1917 гъэм и кIэхэм а тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ Къэбэрдейм и япэ газетыр, адыгэ журналистикэм и тхыдэм пэублэ хуэхъуар. Газетыр щIынри къыдэгъэкIынри зи пщэ дэлъыр езы Iэдэмт. Абы къытехуэ тхыгъэхэм я нэхъыбэр зытхри, зэзыдзэкIри, ахэр хьэрф зырызурэ къэзыщыпыжри, зэзыгъэзэхуэжри Дымырт.

«Адыгэ макъ» газетыр тхьэмахуэм тIэу къыдэкIырт. И инагъкIэ «Адыгэ макъыр» Урысейм къыщыдэкI «Правда» газетым хуэдэт. Ар и щыхьэтт Дымыр урысей газетхэм я къыдэкIыкIэм фIыуэ зэрыщыгъуазэм. Газетыр напэкIуэцIи 4 хъурт. Мазэм абы и уасэр соми 2-т. А бжыгъэм зыщихъуэж куэдрэ къэхъуащ, ауэ соми 2-м щхьэдэхакъым.

Газетым и япэ номерхэм ящыщ зым цIыхухэм зэрызыхуагъазэ мыпхуэдэ псалъэхэр тетащ: «Гонорар е нэгъуэщI мылъку щхьэкIэ мыхъуу, дыщыгуфIыкIыу газетым теддзэнущ лъэпкъым, ди адэжь хэкум сэбэп хуэхъуну къэфлъытэу къытхуевгъэхь тхыгъэ псори».

А псалъэхэр цIыхухэм я деж зэрынэсам и щыхьэтт абы куэд къыхуэкIуэу, къыхуэтхэу зэрыщытар. Апхуэдэу Дымыр хущIэкъурт Къэбэрдейм и мызакъуэу, Адыгейми Шэрджэсми къикI тхыгъэ псори къызэрытридзэным. Куэд дэмыкIыу «Адыгэ макъым» и корреспондент жыджэр хъуахэщ Гуанэ Зулъкъарней, ГъукIэжь Кърым-СултIан, Гухьэж Исмэхьил, Къаздэхъу Къетыкъуэ, КIурашын Мухьэмэд, Молэ Токъан, Тхьэмокъуэ Хьэбас, ФIэщмыхъу Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ журналистикэм и къежьапIэ хъуа газетым щыщу къызэтенар номер 20-м нэблагъэ къудейщ. Ауэ ахэр я щыхьэт нэсщ Дым Iэдэм лъэпкъым и егъэджакIуэу, узэщIакIуэ Iущу зэрыщытам.

Газетыр адыгэм и макъ лъэщу щытащ. Абы къиIэтащ Къэбэрдейм и Iуэху нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ интеллигенцэр «Адыгэ макъым» гуапэу IущIащ икIи жыджэру дэлэжьащ. Газетым и псалъэр Налшык округым икIри жыжьэ щыIуат икIи пщIэшхуэ иIэ хъуат. Абы и щапхъэщ Адыгейм къыщыдэкIа «Красная Кубань» газетым и япэ редактору щыта ЛIыцIэрыIуэ Хьэрун и тхыгъэр. Ар ехъуэхъурт «Адыгэ макъыр» къыдэзыгъэкIахэм. Апхуэдэуи Хьэрун къыхигъэщырт лъэпкъ щэнхабзэр къэIэтыжынымкIэ газетым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Адыгэ макъым» и къызэгъэпэщакIуэ, щIэныгъэлI, лъэпкъ узэщIакIуэ, егъэджакIуэ Дым Iэдэм и гъащIэр гъэщIэгъуэну къекIуэкIащ. Абы къызэринэкIащ фIыри Iейри щызэдэгъуэгурыкIуэ гъащIэ дахэ икIи гугъу.

Дым Iэдэм къыщалъхуащ Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ, щIэныгъэм пщIэ хуэзыщI Дым Гъэфар-хьэжы и унагъуэ къулейм. Iэдэм и адэр ящыщт лъэхъэнэм и цIыху еджагъэшхуэхэм. Абы бзэ зыбжанэ ищIэрт, и къалэмри шэрыуэт. Дым Гъэфар и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ зыбжанэ, апхуэдэу прози итхырт. ИужькIэ ар жыджэру дэлэжьащ «Адыгэ макъми». Абы щыхьэт тохъуэ хъума хъуа экземплярхэм абы и цIэр щIэту тет тхыгъэхэр. Гъэфар езым бгъэдэлъыр хьэрып щIэныгъэми, и бынхэр урысыбзэм хуригъэджащ. Абыхэм псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ. И къуэ курыт Iэдэм аль-Азхъар университетым кIуэным тезыгъэгушхуари аращ.

Дымым и гъащIэр щIэныгъэм щIэбэнущ зэригъэкIуар, ар большевикыуи, меньшевикыуи, революционеруи, контрреволюционеруи зэи щытакъым. Ауэ 1928 гъэм екIуэкIа Бахъсэн зэщIэхъееныгъэм хэтауэ пцIы къытралъхьэщ, ягъэтIысри, Соловки лъэхъуэщым ирагъэшащ.

Абы илъэсищкIэ исауэ, Дымым и хэкум къигъэзэжащ, ауэ 1937 гъэм щыIа репрессиехэм аргуэру хэхуащ. Ар щIагъэтIысам щхьэусыгъуэ хуащIащ Дымым уней щхьэл игъэлажьэу, типографие иIэу, апхуэдэуи РКП(б)-м, Совет властым ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм я бийуэ щыт хуэдэу хужаIа псалъэхэр.

1937 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м «тройкэм» унафэ ищIащ Дымыр яукIын хуейуэ, икIи, и Iуэхум хэмыплъэххэу, суди трамыщIыхьу, етIуанэ махуэм унафэр ягъэзэщIащ.

А Iуэхум къыдэкIуэу, ягъэкIуэдауэ щытащ Iэдэм и тхылъхэм я мызакъуэу, Дым зэкъуэшхэм я типографием къыщыдагъэкIа литературэри, Iэрытххэри, и кIэм намыгъэса тхыгъэхэри, зэридзэкIа усэхэри. Абы къыкIэлъыкIуа илъэс 30-м кърибубыдэу зыри тетхыхьакъым Iэдэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. 1960-1970 гъэхэрщ Дымым и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ къэлъыхъуэн, къэхутэн, хэплъэн щыщIадзар.

Iэдэм и еджакIуэхэм, Iыхьлыхэм, и къуажэгъухэм къахуэна тхыгъэ цIыкIуфэкIухэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэмрэ я фIыгъэкIэ тхыдэджхэм ялъэкIащ цIыхубэр щIэныгъэншагъэм къыхэшыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса адыгэлIым и лэжьыгъэ гъуэгуанэр зэфIагъэувэжын.

**IЭЩНОКЪУЭ Фозэ**

ХъыбарегъащIэ

# Пашэхэм дащыщщ

Къэрэшей-Черкесыр «Управление» ГАС –м (хъыбарегъащIэ порталым) хъыбархэр IэрыгъэхьэнымкIэ Урысей Федерацэм щыIэ дэфтэрым (рейтингым) щыпашэ хэгъуэгухэм ящыщ зыщ.

Къэрэшей-Черкесым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Министерствэр хэгъуэгум деж мы лэжьыгъэр зи нэIэм щIэт къулыкъуу щыткIэрэ, хъыбархэр зы къэмынэу (процентти 100-кIэ) «Управление» ГАС-м Iэригъыхьащ мы къуэрабгъуихымкIэ:

—СМЭВ-мкIэ;

—ГЛОНАСС-мкIэ;

—монокъалэхэмкIэ (моногорода);

— къэрал уней зэдэлэжьэныгъэмкIэ;

— къэрал, муниципальнэ хуэIухуэщIэхэмкIэ;

— экономикэм и реальнэ секторым, банк-финанс, социальнэ IэнатIэхэм щекIуэкI Iуэхухэр нэIэм щIэгъэтынымкIэ.

Къэпщытэжыныгъэхэм къапэкIуахэр «Управление» ГАС порталым иратащ къэрал хуэIухуэщIэ 237-мкIэ, муниципальнэ хуэIухуэщIэ 1253-мкIэ. Рейтингым къегъэлъагъуэ Федеральнэ кIэзнэ къулыкъум (казначействэм) и лэжьыгъэм 2023 гъэм къыпэкIуахэр.

«Управление» къэрал автоматизированнэ хъыбарегъащIэ бэзым (ГАС) и Iуэхухэр хуэунэтIащ къэрал къулыкъу псоми унафэхэр къыщахькIэ ахэр информационнэу, технологическэу, аналитическэу къызэрызэгъэпэщам и фIагъыр къэIэтыным.

**Ди корр.**

МафIэс шынагъуэншагъэ

# ФIыкIэ дыкъыхощ

Мэз хъызмэтымкIэ Федеральнэ агентствэм къилъытащ Къэрэшей-Черкесым мэз мафIэсхэр гъэункIыфIынымкIи фIыуэ зыкъигъэлъэгъуауэ.

Апхуэдэу, Къэрэшей-Черкесыр яхыхьащ Урысейм мэз мафIэсыр процентти 100-кIэ япэ жэщ-махуэм зыгъэункIыфIыжа хэгъуэгу 24-м.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2023 гъэм ди республикэм гектар 21-рэ хъу къэухьым мэз мафIэси 9 щыIащ. Абы щыщу 6-р мэз фондым и щIыгут къыздэхъуар. МафIэс псори мэз лъащIэмкIэ кIуащ икIи зэранышхуэ къахьакъым.

Мэз мафIэс къэзымыгъэхъу къулыкъухэмрэ мэз хъызмэтхэмрэ Iэмал псори зэрахьащ мафIэсхэр къаухъуреихьу, япэ жэщ-махуэм кърибубыдэу ягъэункIыфIыжыным хуэунэтIауэ.

ФIыкIэ къыхагъэщахэм иджыри яхэтщ ищхъэрэ-кавказ хэгъуэгуитI — Адыгэ Республикэмрэ Дагъыстанымрэ.

**ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ**




# Урысейм и печатым и Махуэщ

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ, "Черкес хэку" газетым и редактор нэхъыщхьэ**



Илъэс 321-кIэ узэIэбэкIыжмэ, 1703 гъэм щIышылэм (январым) и 13-м Урысей къэралым деж япэ дыдэ къыщыдэкIауэ щытащ «Ведомости» газетыр...

Нобэ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм ябгъэдэлъу газет, печать къыдэкIыгъуэу дунейм къытехьэм гъунэ иIэкъым: мин бжыгъэм зэрынохьэс.

Гуапэ зэрыхъущи, тхыдэ ин зыбгъэдэлъ ди лъэпкъми илъэсищэ хъуауэ къыдогъуэгурыкIуэ адыгэм къикIуа, Iуэхугъуэ, къэхъугъэ телъыджэхэмкIэ гъэнщIа и гъуэгуанэр, тхыдэр, бзэр, щэнхабзэр, хабзэхэр хъумэным телажьэ, печать къыдэкIыгъуэр — адыгэ газетыр. Нэхъ тегъэчынауэ жыпIэмэ, япэ дыдэ лъэпкъым и бзэкIэ къыдэкIа газетыр — «Адыгэ псэукIэ» фIэщыгъэцIэр зезыхьар, дунейм къыщытехьар 1924 гъэращ. ИкIи, мы гъэм, Тхьэм жиIэмэ, жэпуэгъуэм (октябрым) и 12-м газетыр илъэсищэ ирикъунущ.

Газетым къикIуа, лIыщIыгъуэм зэрынэхьэс ныбжьым уриплъэжмэ, а пIалъэм къыдэкIахэр зэбгъэзэкIыжмэ, нэрылъагъу пщохъу адыгэ тхыдэм и Iыхьэ ину газетыр зэрыщытыр, зауэми гуауэми къела лъэпкъым зихъумэжынымкIэ, зыужьыныгъэ игъуэтыжынымкIэ печать къыдэкIыгъуэм гуащIэ ин къызэрызэринэкIар, лэжьыгъэшхуэ зэригуэщIар.

Газетым къикIуа гъуэгуанэр тыншакъым. Къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ хьэлъэхэм къадэкIуэу, лъэпкъым бгъэдэлъ адыгэ газетым и фIэщыгъэцIэхэми, и купщIэми куэдрэ зихъуэжащ. Ауэ зэи зызымыхъуэжу къэнар абы игъэзащIэ къалэнымрэ мыхьэнэмрэщ: псэукIэщIэм цIыхубэр хуиунэтIт, властымрэ жылагъуэмрэ зэпищIэт, цIыху лэжьакIуэм хуэпэжт ...

Республикэм къыщыдэкI лъэпкъ газетхэр ноби зыхуэлажьэр лъэпкъхэм я щIэин лъапIэхэр хъумэныр, къэгъэщIэрэщIэжыныр, къэралым и зэпIэзэрытыныгъэр гъэбыдэныр, гъащIэ блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэну творческэ лэжьакIуэхэр: журналистхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр гъэсэныр, къэгъэщIынращ.

ЖыпIэнурамэ, ди лъэпкъым къыхэкIа, цIэрыIуэ хъуа адыгэ тхакIуэ, усакIуэ пщIы бжыгъэм лъабжьэ яхуэхъуар, куэдым ябгъэдэлъа зэчийм зыздиужьар, унэтIыныгъэ тэрэз здыщагъуэтар адыгэ газетым дежщ.

Ноби а къалэн мытыншыр, адыгэ лъэпкъым и пащхьэ жэуаплыгъэ ин зыпылъыр зыгъэзэщIэну пщэрылъ зыхуэхъуар IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъ зыбгъэдэлъ, лъэпкъ журналистикэм, газет къыдэгъэкIыным епха лэжьыгъэм нэхъусауэ хэзыщIыкI гуп хъарзынэщ. Яхэтщ абыхэм Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и журналистхэри, пщIэ ин зиIэ Урысейпсо журналист зэпеуэхэм бжьыпэр щызыубыдахэри, лъэныкъуэ куэдкIэ зи творческэ зэчийр къызыкъуэзыха драматург, тхакIуэ, усакIуэхэр, публицистхэр.

Нобэ газетыр лъэ быдэкIэ зэрыщытым шэч къытыуигъэхьэкъым мыбдеж зи гуащIэ щызыгъэтIылъ журналистхэм, техническэ лэжьакIуэхэм ябгъэдэлъ IэпщIэлъапщIагъым, ахэр гъащIэм зэрыдэкIуатэм, зэхъуэкIыныгъэхэм зэрыдэбакъуэм.

А псоми зи гуащIэ зыхуагъэтIылъыр нобэ республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI, лъэпкъым бгъэдэлъ газет закъуэр хъумэныр, абы къыдэкIуэуи, бзэр мыкIуэдыжыным хуэлэжьэнращ. Газетым щылажьэ творческэ гупыр журналист нэхъыжьхэм къытхуагъэна хабзэфIхэм дытету, адыгэ унагъуэ къэс адыгэ газет Iэрыхьэным дыхуэпабгъэу ди лэжьыгъэр къызыдогъэпэщ.

Шэчыншэу, газетым зэхъуэкIыныгъэ куэд едгъэгъуэтащ. Дауи, ди щIэджыкIакIуэ щыпкъэхэм абыхэм гу лъамытэкIэ къанэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ газетыр къызыIэрыхьэу зыкъытпызыщIэхэр, ди тхыгъэхэм уасэ хуэзыщIхэр. Фи фIэщ фщIы, апхуэдэхэр мащIэкъым. Тхьэм нэхъри нэхъыбэж тхуищI.

Газетым и теплъэм, и зэхэгъэувэкIэм, и купщIэм адэкIи зедгъэхъуэжынущ. Мы илъэсым газетыр нэхъри щIэщыгъуэ зэрытщIынур ди къалэн нэхъыщхьэу, жэуаплыгъэ нэс дэтхэнэми тхэлъу ди лэжьыгъэм дыбгъэдэувэжащ.

ЛIыщIыгъуэ къэзыгъэщIа печать къыдэкIыгъуэу, ди лъэпкъым и гъуоууэ диIэ адыгэ газет закъуэм адэкIи лъэпкъым и гуащIэ хуигъэтIылъыным ди псэ демыблэжу дытелэжьэнущ, едгъэфIэкIуэнущ...

Печатым и Махуэм и щIыхькIэ сахуохъуахъуэ зэман зэхуэмыдэхэм адыгэ газетым зи гуащIэ щызыгъэтIылъа ветеранхэм, нобэ адыгэ псалъэр зыхъумэ печать журналистхэм. Тхьэм ди гуащIэр лъэпкъым хуэмахуэн ищI!

# Адыгэ газетым нобэ елэжьхэр



**ДЗЭМЫХЬ Маринэ,**
*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, илъэс 20-м зэрынэхьэсауэ адыгэ газетым щолажьэ:*

— АнэдэлъхубзэкIэ къыдэкI печатым и Iэмал дэтхэнэми къалэн нэхъыщхьэу иIэр бзэр, лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрихъумэращ.

Лъэныкъуэ куэдкIэ къедбжэкIыфынущ газетым ди лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэуэ иIэр. Ауэ зы лъэныкъуэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Иджырей лъэхъэнэм ди бзэр лъэпкъым IэщIокI. Псом хуэмыдэу дызэгупсысын хуейр къытщIэхъуэ щIэблэращ.

Абыхэм адыгэбзэр яIурылъын, яцIыхун папщIэ унагъуэ къэс «Черкес хэку» газетыр къыщIатхыкIын хуейщ. Псори дызэлъыкъуэтмэ, бзэр хъума хъунущ, лъэпкъри къызэтенэнущ. Лъэпкъым и блэкIар, и нобэр, и къэкIуэнур зэзыпх адыгэ газетыр адыгэр дунейм тетыху ирепсэу!



**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,**
*жэуаплыгъэ зыхь секретарь, илъэс 14 хъуауэ адыгэ газетым щолажьэ:*

— Шэчыншэщ бзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ газетым лэжьыгъэшхуэ зэригуэщIыр. Апхуэдэ пщэрылъ зиIэ газетым и лэжьыгъэр лъэпкъым къыдигуэшу, абы и пщIэмрэ и мыхьэнэмрэ зэхищIыкIыу, адыгэу зызылъытэж дэтхэнэри абы и дэIэпыкъуэгъу пэжу щытмэ, газетыр адэкIи ефIэкIуэнущ.

Газетым елэжьхэм жэуаплыгъэ ин ябгъэдэлъщ. Лъэпкъым и газетыр — бзэр, тхыдэр здэтхъумэ, зэхущытыкIэ узыншэ лъэпкъхэм яку дэзыгъэлъ, лъэпкъ фIылъагъуныгъэр щIэблэм яхэзылъхьэ, цIыхушхуэхэр здэдгъэлъапIэ лъэпкъ утыкушхуэщ. Лъэпкъым и блэкIар зыхъумэу, къэкIуэну щIэблэм ар янэзыгъэсщ ди газетыр. Ар зыхуэдгъэлажьэ лъэпкъым къыгурыIуэу, ди гуащIэр къыддиIыгъыну догугъэ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,**
*отделым и редактор, илъэс 20-м щIигъуауэ адыгэ газетым щолажьэ:*



— Газетым и мыхьэнэмрэ и къалэнхэмрэ хэткIи гурыIуэгъуэщ: гъащIэм къыщыхъухэр пцIы хэмылъу къэгъэлъэгъуэнращ, цIыхухэм зэран яхуэхъу мыхъумыщIагъэхэр сэтей щIауэ, ахэр къызэнэкIа зэрыхъуну Iэмалхэр къэгъуэтынращ. Лъэпкъ газетыр зыхуэунэтIахэр нэхъыбэжщ: абы къыпоплъэ лъэпкъым и тхыдэр къэтIэщIыжыныр, анэдэлъхубзэр хъумэныр, нэгъуэщI пщэрылъ къызэрымыкIуэхэр. Журналистыр апхуэдэ Iуэхухэм япэлъэщын папщIэ мащIэщ абы щIэныгъэрэ гъащIэ зэхэщIыкIрэ иIэныр, бзэ дахэ, шэрыуэ Iурылъыныр. Абы хэлъыпхъэщ лIыгъэрэ цIыхугъэрэ, гу хуабагъэ, псэемыблэжыныгъэ, ар щытыпхъэщ хэкупсэлъэпкъыпсэу.

**ТУАРШЫ Ирэ,**
*отделым и редактор, илъэс 28-рэ хъуауэ адыгэ газетым щолажьэ:*



— Урысейпсо жылагъуэ къыхэтхыкIыныгъэм деж, ипэкIэ зэрыщытам емыщхьу, лъэпкъыбзэхэм яхьэлIа упщIэ зыбжанэ хэтащ. Ар и щыхьэтщ лъэпкъ, лъэпкъыбзэ лей къэралым дежкIэ зэрыщымыIэм, щIэгъэкъуэн хуэхъуну зэрыхьэзырым.

Апхуэдэу щыщыткIэ, ди хэгъуэгу псом нобэкIэ адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм, «Черкес хэку»-м и хуитыныгъэ псори апхуэдэ лъэкIыныгъэфIым къыхуигъэсэбэпынущ.

ЩIэджыкIакIуэхэми дыфщогугъ газетым и мыхьэнэр къывгурыIуэу, унагъуэ къэс ихьэн зэрыхуейр хьэкъыу зыхэфщIэну.

Газетыр — анэдэлъхубзэр щыIэным, зиужьыным и зы Iэмалщ.

**ЛIЫМАХУ Iэсят,**
*бухгалтер нэхъыщхьэ:*



— Илъэси 100-м нэс зи ныбжь лъэпкъ газетым и лэжьыгъэри, и Iуэху бгъэдыхьэкIэри лъэпкъ закъуэм хуэгъэзауэ щымыту, атIэ ар къэралым, властым жылагъуэм зэрепсалъэ Iэмэпсымэщ.

АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр ди лъэпкъым и щIэблэм я къэкIуэнум хэтыпхъэщ. Ар лъэпкъым и напэщ.

Сыт щыгъуи абы и пщэрылъхэр нэгъэсауэ игъэзэщIащ, икIи газетым щылажьэ гупыр зэрыубыдауэ, IэщIагъэрылажьэ нэхъуса защIэу щыткIэрэ, адыгэ газетым и Iуэхур адэкIи зэрефIэкIуэным толажьэ.

**БЕМЫРЗЭ Зураб,**
*журналист:*



— Лъэпкъ тхыбзэм и кIыщыр журналистикэращ, адыгэ газетращ.

ЕгъэджакIуэхэм я гуащIэ Iыхьэм хуэдэу, журналистикэм мыхьэнэ хуабжь иIэщ. Егъэджэныгъэм лъэпкъыбзэр ихъумэу арамэ, журналистикэм, псом хуэмыдэу газетым, лъэпкъыбзэм зрегъэужь. ИкIи шэчыншэщ газетыр щыдимыIэж махуэм лъэпкъыбзэм и зыужьыныгъэри къызэрыувыIэнур. Сыту жыпIэмэ, абы игъэкIуатэ лэжьыгъэр пищэфыну узыщыгугъын купсэ лъэпкъым иIэкъым. ЦIыхур и бзэкIэ мыпсалъэмэ зэрыIэщIэхужым хуэдэу, лъэпкъ газетыр щымыIэжмэ, лъэпкъ тхыбзэри щыIэжынукъым. Нобэ адыгэ тхыбзэм махуэ къэси елэжьу, зригъэужьу, псэ хилъхьэу щыIэж купсэ закъуэр — лъэпкъ газетхэращ. Лъэпкъыр псэуху мы печать Iэмалыр абы дэгъуэгурыкIуэн Тхьэм ищI!



**ГУНДЭХЪУ Аня,**
*корректор, 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ адыгэ газетым и редакцэм щолажьэ:*

— Ди лэжьыгъэм нобэ и мыхьэнэ нэхъыщхьэу къызолъытэ сабийхэм я анэдэлъхубзэр яIурылъыным, ар ящымыгъупщэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуэтщIыр.

Нобэрей махуэмкIэ сабий IыгъыпIэ, еджапIэ ирехъу, куэдрэ зэхыбох газетым къытехуам щапхъэ трахыу зэхьэзэхуэ къызэрагъэпэщу, абы тета тхыгъэхэр къагъэсэбэпу, утыку кърахьэу. УегъэгуфIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуу ар къыщагъэсэбэпкIэ. ИкIи абы нэрылъагъу ещI газетым и лэжьыгъэм лъэпкъым сэбэп къызэрыхуихьыр.

Дэри, газетым и лэжьакIуэхэр, дытрегъэгушхуэ ар нэхъри нэхъыфI, нэхъ щIэщыгъуэ ди щIэджыкIакIуэхэм зэрахуэтщIыным.

**МУССЭХЭ Зуридэ,**
*корректор, илъэс 15 хъуауэ адыгэ газетым щолажьэ:*



— ДэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ дызэлэжь газетыр щIаджыкIыу, абы къыпэджэж псалъэ щызэхэтхкIэ.

Пэжщ, лэжьыгъэшхуэ пыщIащ газет гъэхьэзырыным, ар къыдэгъэкIыным. Мыбы елэжь дэтхэнэ зыми и гуащIэшхуэ хелъхьэ адыгэ лъэпкъым и пащхьэ анэдэлъхубзэ къабзэ илъхьэным. Дыпылъщ ар сыт и лъэныкъуэкIи фIагъ хэлъу длэжьыну, ди пщэрылъхэр нэгъэсауэ дгъэзэщIэну.

ЩIэблэр бзэмрэ хабзэмрэ езыпхыжын зы лъагъуэу газетыр зэрыщытыр балигъхэм зыхащIэну дащогугъ!

**ЧЫРБЫЖ Иринэ,**
*отделым и редактор:*

— «Адыгэ газетым и мыхьэнэр нобэ сыт?» упщIэр сызыхуэзэ, сыкъэзыцIыху куэдым къыщызат срехьэлIэ.



А упщIэм щIэнэкIалъэ мащIи хэплъагъуэу къыщыIу щыIэщ. Арами, апхуэдэхэм гужь яхуэсщIкъым, ауэ си жагъуэ мэхъу а упщIэр адыгэ цIыхум, зыгуэр къэзыгъэщIагъэххэм къыщыжьэдэкIкIэ...

А упщIэ жагъуэм и жэуапуи мыращ ястыжыр: «АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр лъэпкъым и псэм и хъумакIуэщ. Абы щылажьэхэр, дэри, зэрыхъумкIэ, дыхъумакIуэщ.

Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, увыIэгъуэ имыIэу бзэр зыгъэлажьэри, зыгъэбзэрабзэри, абы зезыгъэужьри, цIыхум янэзыхьэсри тхьэмахуэм тIэу къыдэкI лъэпкъ газетращ.

Ауэ щыхъукIэ, ар бзэм и хъумакIуэ нэхъыщхьэщ. Бзэращи — ар лъэпкъым и псэщ.

Тхьэм лъэпкъыр дунейм тетыху, газетыр абы дэмыкIуэду иригъыIэ!

**ЛЫХЬ Тимур,** *отделым и редактор:*

— Ди хэгъуэгум адыгэбзэкIэ къыщыдэкI "Черкес хэку" газетыр сэ солъытэ адэкIэ умыкIуэжыну дэтхэнэ адыгэми гъащIэ гъуэмылэ хуэхъуу. БлэкIар, нобэр, къэкIуэнур нэгъэсауэ къэхутэным, къэтIэщIыным, къэгъэлъэгъуэным телажьэ журналистхэм еш ямыIэу щIэджыкIакIуэхэм хуагъэхьэзыр я псэ зыхэлъ, я гу хуабагъ зыщIэлъ тхыгъэхэр. Лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, адыгэ хабзэхэм теухуауэ уемыджэным, умыщIам зыщомыгъэгъуэзэным къокI уэр-уэру уи щхьэм мыгъуагъэ хуэпхьыжу, пщIэ зыхуомыщIыжу, ипэкIэ хъунум уемыгупсысу. Адыгэ газетыр зи унагъуэ ихьэм, абы еджэм гугъэ къыдет бзэ и лъэныкъуэкIэ ди лъэпкъым и Iуэхур фIы хъужыну, гумрэ щхьэмрэ зыузэщI гъуэгум дыздытехьэжыну.





**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ,**
*отделым и редактор:*

— Адыгэ унагъуэ къэс адыгэ газет илъын хуейщ. Сабийм илъагъуращ зыхиубыдэр зэрыжаIэщи, унагъуэм ис балигъыр а газетым зэреджэр, зэрыфIэгъэщIэгъуэныр быным ялъагъуу къэтэджыпхъэщ. Апхуэдэ унагъуэм къыщIэтаджэ сабийр Iэмал имыIэу лъэпкъыпсэу къэхъунущ, бзэр и Iэпэгъуу щытынущ, адыгэм и дунейм щыгъуэзэнущ. Абдежращ къыздежьэр щIэблэм бзэр фIыуэ егъэлъагъуныр, лъэпкъ газетым пщIэ хуищIу къэгъэтэджыныр.



**ЕМЗЭГЪ Даринэ,**
*вёрсткэм и оператор:*

— ЩIалэгъуалэм иджыпсту еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр иIэщ. «Интернетым псори щыбогъуэт, газет зыри еджэжкъым», — жызыIэр куэдщ. Си жагъуэ мыхъууи къанэкъым апхуэдэ еплъыкIэр. Ауэ, сэ редакцэм сыщылажьэкIэрэ солъагъу мыбы къекIуалIэхэм, къэпсалъэхэм я бжыгъэр зихуэдизыр. ПщIэ хуищIу, фIыщIэ гуапэкIэ газетым къыпэджэжу къатхэхэм махуэ къэси дрехьэлIэ. Абы къегъэлъагъуэ газетым щIэджыкIакIуэ щыпкъэ зэриIэр, ди цIыхухэр абы зэрыхуэныкъуэр. ЩIалэгъуалэми лъэпкъ газетым и мыхьэнэр зыхищIыкIмэ ди гуапэт.

**ДЖЫДЖИЙ Динэ,**
*вёрсткэм и оператор:*



— Си щхьэкIэ зыкъасщтэмэ, бзэр тыншу схуэмыгъэшэрыуэу редакцэм сыкъэкIуами, нобэ адыгэбзэри, абы и купщIэри, и мыхьэнэм и кууагъэри зыхэсщIауэ, си лэжьыгъэм сыбгъэдэтщ. Хэт сыт хуэдэ Iуэху игъэзащIэми, адыгэбзэр ди тхьэкIумэм итщ.

Гугъукъым бзэр зэбгъэщIэжыну, нэхъ хьэлъэр абы ухуэзышэн, уезышэлIэн щымыIэмэщ. Адыгэ газетыр адыгэ унагъуэ къэс къыIэрыхьэу, нэхъыжьхэм ар щIаджыкIыу щапхъэу щытмэ, щIэблэри бзэм нэхъ пэгъунэгъу хъужыну къысщохъу.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ленэ,**
*техсекретарь:*



— Редакцэм деж хэт сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрымытми, псори дызэлэжьыр газетыр зэредгъэфIэкIуэныр, абы фIагърэ сэбэпу къихьымрэ зэрыхэдгъэхъуэнращ.

Редакцэм щылажьэхэм яIущIэну, къырагъэблэгъэну куэд къопсалъэ зэпыт ди хэщIапIэм. Абы къыдегъэлъагъу «Черкес хэку»-м ди лъэпкъыр зэрыхуэныкъуэр, абы пщIэ зэриIэр.

СВО Хэкупсагъэ

# ЗауэлI бланэхэр


ДАГУЭ Руслан

Абы и щыхьэтщ Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам ди лъэпкъэгъухэм ящыщ куэдым лIыхъужьыгъэ къызэрыщагъэлъагъуэр. Ахэр Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсу къэуvауэ, щхьэмыгъазэу бийм пэщIэтщ. Апхуэдэ щIалэ хахуэхэм халъытэ къызыхэкIа лъэпкъыр имыгъэукIытэу, пщэрылъ къыхуащI дэтхэнэ къалэнри жэуаплыгъэшхуэ пылъу а щIыналъэм щызэфIэзых Дагуэхэ Умар и къуэ Руслан. Ар Хьэбэз районым хыхьэ Абазакт къуажэм къыщыхъуащ. Къулыкъур щрихьэкI щIыпIэм щекIуэкI зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым хэту, Руслан лIыгъэ хэлъу зыкъигъэлъэгъуащ икIи Урысейм и Президент Путин Владимир 2023 гъэм ноябрым и 22-м къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иту, Жуковым и цIэкIэ ят медалыр къыхуагъэфэщащ.

Лъэпкъыр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ щIалэхэр ди мащIэкъым. Абыхэм я щхьэхуитыныгъэр, я унагъуэр, къэралым и хуитыныгъэр хъумэным ехьэлIауэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ гуеягъэмрэ ди тхыдэ блэкIами къыхощыж.

Ди щIалэхэм гушхуэ зэракIуэцIылъым и щапхъэ щыдолъагъу мы зэманми. Апхуэдэ хъыбарыфI къаIэрыхьащ Абазэ районым хыхьэ Псыжь къуажэм щыщ


ХЬЭЧЫКЪУЭ Беслъэн

Хьэчыкъуэхэ я унагъуэми. Хьэчыкъуэ Руслан и къуэ Беслъэн Хэкумрэ ди къэралым и хьэлэмэтымрэ ихъумэкIэрэ къыкъуэкIа лIыхъужьыгъэм папщIэ, Путин Владимир и УнафэкIэ, Суворовым и медалкIэ и цIэр къраIуащ.

Руслани Беслъэни дывохъуэхъу къыфхуагъэфэща нагъыщэхэмкIэ! Узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фиIэну, фи унагъуэхэм узыншэу факъыхыхьэжыну Тхьэм жиIэ!

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

УпщIэ-жэуап

**ЦIыхур щылажьэкIи, лэжьапIэм IукIыжа нэужьи и гуащIэдэкI лэжьыгъэм ехьэлIауэ щыхьэтлыкъ тхылъ щыхуэныкъуэ къохъу. УФ-м и ГуащIэдэкI Кодексым и 62-нэ статьям ипкъ иту, лэжьапIэтым лэжьакIуэм иритын хуейщ зыщIэлъэIуа тхылъхэм я копиер.**

# Зэрат хабзэр

Абы теухуауэ цIыхухэм къабгъэдэкI упщIэ зыбжанэм жэуап яритащ КъЧР-м гуащIэдэкIымкIэ и къэрал инспекцэм и унафэщI Байрамкулов Б.

**— ЛэжьапIэтым лэжьакIуэр зыщIэлъэIуа тхылъхэм я щIэтхыкIыр (копиер) игъэхьэзыру, лэжьэгъуэ махуищым къриубыдэу иритын хуейщ. Ар щыщIидзэр сыт щыгъуэ, лэжьакIуэм лъэIу тхылъыр щитха махуэр а пIалъэм хиубыдэрэ? Махуэ ещанэр дэсыгъуэ махуэм техуэмэ, къыкIэлъыкIуэм яхьрэ?**

— УФ-м и ГуащIэдэкI Кодексым и 62-нэ статьям къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лэжьакIуэм лъэIу тхылъыр щыщIилъхьа махуэм къыщIедзэ. ПIалъэр къызэрабжыр лэжьэгъуэ махуэхэращ. Мылэжьэгъуэ, махуэщI махуэхэр абы хыхьэкъым.

**— ЛэжьакIуэр зыщIэлъэIуа щыхьэтлыкъ тхылъхэр куэд хъууэ, махуищым къриубыдэу ахэр пхузэхуэмыхьэсмэ, махуэ бжыгъэр бгъэкIуатэ хъуну?**

— Хабзэм апхуэдэ хуитыныгъэ къигъэлъагъуэкъым. УФ-м и ГуащIэдэкI Кодексым лэжьэгъуэ махуищ пIалъэу къыуитыр. Псалъэм папщIэ, цIыхум лъэIу тхылъыр бэрэжьей махуэм итхамэ, блыщхьэм блэмыкIыу бгъэхьэзырын хуейщ.

**— ЛэжьакIуэр сыт хуэдэ тхылъ зыщIэлъэIункIэ хъунур?**

— ГуащIэдэкI Кодексым и 62-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуащ ахэр. Псалъэм папщIэ, лэжьакIуэм и карточкэм, IуэхущIапIэм езым иIэн хуей гуащIэдэкI хабзэм, IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм фIыщIапщIэ зэрырат щIыкIэм я копиер, НДФЛ жыхуиIэр, нэгъуэщIхэри.

**— ЛэжьапIэтым цIыхур апхуэдэ лъэIукIэ зэрызыхуигъазэ хъунум мардэ иIэ?**

— Хьэуэ, иIэкъым. ЛэжьакIуэр хуеиху лъэIу тхылъ итх хъунущ.

Спорт

# ЕхъулIэныгъэхэр



ИлъэсыщIэм и иужьрей махуэхэм ипэ къихуэу боксымкIэ II Хэгъуэгупсо спорт зэхьэзэхуэ Прикубан районым хыхьэ Дружбэ жылагъуэм щекIуэкIащ.

Зэпеуэр траухуащ мы районым и администрацэм и Iэтащхьэу тета, УФ-м и муниципальнэ академием щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Казиев Хъусей и фэеплъым.

Абдеж боксер IэпщIэлъапщIэхэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Хьэбэз къуажэм зыщызыгъасэ, гъэсакIуэ КIытIэ Мухьэмэдрэ Дэмэлей Беслъэнрэ я нэIэм щIэт спортсмен ныбжьыщIэхэм. Япэ увыпIэкIэ къыхэщащ Гъуэзджэш Динуррэ КIытIэ Эмиррэ.

ПщIэ зиIэ етIуанэ увыпIэр къалъысащ МыкIытIэ Азэмэт, Сидакъ Елдар, Гъуэзджэш Щэмил сымэ.



ЩIышылэм (январым) и 6-м Хьэбэз къуажэм дэт «Хатт» спорткомплексым волейболымкIэ КъЧР-м и Кубокыр къэхьыным хуэгъэза зэпеуэ щекIуэкIащ.

Абы хэтащ республикэм и бзылъхугъэ командитху: КъЧР-м и командэ къыхэхар (2008 гъэм къалъхуахэр), Черкесск, Карачаевск къалэхэм, Малый Зеленчук, Хьэбэз къуажэхэм къабгъэдэкIахэр.

ЗэпэщIэтыныгъэ хьэлъэхэм ягъэбелджылащ фIым я нэхъыфI волейбол командэхэр. Апхуэдэу, япэ увыпIэр — Черкесск къалэм, етIуанэр КъЧР-м и командэ къыхэхам, ещанэр Хьэбэз къуажэм и гупым къахьащ.

Къыхагъэщащ я щхьэ закъуэкIэ фIыуэ джэгуа спортсменхэри. "Лучшая связующая" фIэщыгъэцIэр хуагъэфэщащ ДыщэкI Дианэ; "Лучший защитник"-р – Овчаренко Каринэщ; "Лучший нападающий" хъуащ ДыщэкI Мадинэ; зэпеуэм щыджэгуа волейболист нэхъыфIу къалъытащ Уэзрокъуэ Иринэ.


"Беслъэней" командэр

ФутболымкIэ Хьэбэз районым и Кубокыр къэлъэщыным хуэгъэза спорт зэхьэзэхуэ Елбыргъэн къуажэм и стадионым махуитIкIэ щекIуэкIащ.

Абдеж я IэкIуэлъакIуагъкIэ щызэпеуащ командэ 11.

Финалым ерыщу зэпэщIэта командитIым: АлиБэрдыкъуэм и "Мамлюк"-мрэ "Беслъэней"-мрэ иужьрейм текIуэныгъэр зыIэригъыхьащ.

ФIым я нэхъыфI футболисту къыхагъэщащ финалым щызэпэщIэта командитIым я джэгуакIуэхэу Токъубай Расимрэ Агъэржэнокъуэ Азэмэтрэ.

**Ди корр.**

Махуэбжым и щэхухэр

# ИлъэсыщIэр — «жьымкIэ»

ИлъэсыщIэр Урысейм щагъэлъапIэ убгъуауэ — щIышылэм махуийкIэ дыдэсащ. Дыгъэгъазэ кIуам и иужьрей зыгъэпсэхугъуэ махуитIыр хэтыжмэ, мазэ щанэ – квартал псо мэхъу.

ИлъэсыщIэр къихьа нэужь махуэщI гукъыдэжыр ужьыхкъым. ЩIышылэм и 13-мрэ и 14-мрэ я зэблэкIыгъуэ жэщым урысей цIыхухэм ягъэлъапIэ «жьымкIэ» ИлъэсыщIэр – ИлъэсыщIэжьыр (Старый Новый год).

АтIэ сыт зэрызэщхьэщыкIыр ИлъэсыщIэмрэ ИлъэсыщIэжьымрэ? «Культура.РФ» сайтым зэритхымкIэ, ИлъэсыщIэжьыр ди щэнхабзэм къыхыхьащ пасэрей Юлиан махуэбжым и лъэужьу.

1918 гъэм большевикхэм я Правительствэм мурад ищIащ махуэбжыр зэрихъуэкIыну. Апщыгъуэм ПащтыхьыгъуэмкъыщIэна Урысейр псэут Юлиан махуэбжымкIэ, Европэр — ГригорианымкIэ. Япэрейр къыщагъэщIат Урым пащтыхьыгъуэм (Римская империя). Ар тетт пасэрей алыдж астрономием, къытеIукIат урым пащтыхь Цезарь Юлий и цIэм. Къэрагъэжьат ди эрэм и пэкIэ 45-нэ гъэм и щIышылэм и 1-м. Юлиан махуэбжымкIэ илъэсир хъут жэщмахуэ 365,25-рэ. Ар Дыгъэм и хъуреягъым ЩIыгум къызэрикIухь илъэсым нэхърэ дакъикъэ 11-рэ секундэ 15-кIэ нэхъ кIыхьщ. А зэщхьэщыкIыныгъэр илъэси 128-м и кIуэцIкIэ зы жэщ-махуэу зэхуэсащ. Абы къыхэкIыу IутIыж махуэр (Пасха) нэхъ пасэу къихьэ хъуащ. Ар и ущхьэгъуу урым папэ Григорий XIII-м и IизныкIэ 1582 гъэм къагъэщIащ астрономием нэхъ тегъэчына махуэбжыр. Абы иратыжащ Григориан цIэр. Урысейри абы техьэжащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, махуэбжыжьымрэ щIэмрэ зэрызэщхьэщыкI махуэ 13-р зэран яхуэхъу хъуащ къэралыбэ политикэ, экономикэ Iуэхухэм. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Европэм къикI телеграммэхэр Урысейм къыIэщIыхьэт, къыщаутIыпщам нэхърэ махуэ зыбжанэкIэ нэхъ пасэу. АтIэ, ар дауэт къызэрыбгурыIуэнур?

Урысейр къухьэпIэ европей махуэбжым техьащ 1918 гъэм мазаем и 14-м. Правительствэм къыдигъэкIа декретым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мы проектыр нэхъыщхьэу хуэунэтIат «Урысейм и махуэбжыр адрей зызыужьа къэралхэм яйм тегъэпсыхьыжыным».

Абы щIыгъуу къэунэхуащ аргуэру зы махуэщI — «жьымкIэ» ИлъэсыщIэр – ИлъэсыщIэжьыр. Абы къикIт Юлиан махуэбжыр цIыхухэм ящымыгъупщауэ. Нобэр къыздэсым ди хэкуэгъухэм ягу ихукъым ИлъэсыщIэжьыр. Ауэ абы апхуэдиз даущрэ дауэдапщэрэ пыщIакъым. Ар дыгъэгъазэм и 31-рэ - щIышылэм и 1 махуэхэм я зэблэкIыгъуэм нэхърэ нэхъ зэтеубыдауэ ягъэлъапIэ.

Ауэ Урысейм и православнэ динырылажьэхэр яхуеувэлIакъым Григориан махуэбжым, къызыхуагъэнащ Юлианыр. АрщхьэкIэ большевикхэм абы мыхьэнэшхуэ халъэгъуакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм Iэпэ щIадзагъэххэт динымрэ къэралымрэ, динымрэ еджапIэхэмрэ зэпэIэщIэ зэращIым теухуа декретым. ИлъэсыщIэжьыр къэралым зыкIи емыпха махуэу къэнащ.

Урысей православнэ Члисэм нобэр къыздэсым къегъэсэбэп Юлиан махуэбжыр. Абы къыхэкIыу Хьисэ Бегъымбарыр къыщыхъуа махуэр – (Рождество Христово) ди къэралым щагъэлъапIэ щIышылэм и 7-м, католическэ къэралхэм – дыгъэгъазэм и 25-м. ИлъэсыщIэр, езы православнэ чыристанхэм зэрыжаIэу, «новолетиер», православнэ члисэм трегъахуэ фокIадэм и 14-м (жьымкIэ, фокIадэм и 1-м). Ар Хьисэ Бегъымбарыр къыщыхъуаракъым (Рождество), атIэ Тхьэм дунейр къыщигъэщIауэ къалъытэращ. КъызэрыкIуэ илъэсыщIэ махуэхэм православнэ чыристанхэм нэщI яIыгъщ.

ЩIышылэм и 1-м ягъэлъапIэ бэлыхь зытелъа (мученик) Вонифатий щихъым и цIэр. Абдежым цIыхухэр Тхьэ йолъэIу фадэ ефэныр япэIэщIэ ищIыну.

ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщауэ, ИлъэсыщIэжьыр здащымыгъупщэр ди къэралым и закъуэкъым. Апхуэдэ махуэщIхэр щыIэщ СССР-м хыхьэу щыта къэралхэм, Алыджым (Грецием), Сербием, Черногорием, Алжирым, Тунисым, нэгъуэщI къэрал куэдым. Къэрал псоми щагъэлъапIэ мыпхуэдэ махуэщI къызэрымыкIуэр епхащ махуэбжхэр зэрызэрахъуэкIам, ауэ абы къинэмыщIауэ, къэрал къэси езым и хабзэхэр щIегъуж. Псалъэм къыдэкIуэу, Швейцарием и нэмыцэрыпсалъэ хэгъуэгухэм щIышылэм и 13-м ягъэлъапIэ щихъ Сильвестр и Махуэр, ажэгъафэ фащэхэр зыщатIагъэри ИлъэсыщIэмкIэ мэхъуахъуэ. Македонием ИлъэсыщIэжьым къызэрагъэпэщ ажэгъафэ зекIуэхэр (карнавалхэр). Ди махуэщIым ещхь щыIэщ Уэлсым – Хен Галан фестивалыр. Абыи къегъэлъагъуэ ИлъэсыщIэр Юлиан махуэбжымкIэ къызэрихьэр. Унагъуэрыхьэ-унагъуэрыкIыу къакIухьурэ, IэфIыгъэкIэхэр къыхадз («коляды» жыхуиIэращ).

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, Урысейм ИлъэсыщIэжьыр Iэнэм кIэрысу ягъэлъапIэ къэралым ис цIыхухэм я зэхуэдитIым нэблагъэм. Музей, щэнхабзэ организацэ куэдым ИлъэсыщIэжьым траухуэ я тематическэ гъэлъэгъуэныгъэхэр.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

# ТЕЛЕПРОГРАММЭ

щIыщылэм (январым) и **15-21**

## ПОНЕДЕЛЬНИК 15

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Женщины Кавказа». (ног.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Возраст мудрости». (ног.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События недели» (12+)
14:35 Х/Ф «Три мушкетёра» №4 (12+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События недели» (12+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События недели» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События недели» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 5 (16+)
23:30 «События недели» (12+)

## ВТОРНИК 16

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (черк.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Репортаж с открытия мемориальной доски А. Тамову». (черк.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Три мушкетера» 5 серия (12+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Имена и времена» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Грача» 6 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## СРЕДА 17

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Спектакль «Карча»». 2 часть. (карач.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Архызский лик» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Три мушкетера 6 серия (12+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 7 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ЧЕТВЕРТ 18

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.)(6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (абаз.) (0+)**
**17:00-Местное время. «О творчестве. О жизни. О себе.».**
**Член Союза писателей России Б. Бежанов. (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Три мушкетера» 7 серия (12+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 8 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ПЯТНИЦА 19

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)**
**9.15-Местное время. «Актуальное интервью». Итоги года с министром промышленности КЧР М. Гаповым. (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия».**
**В гостях – многодетная семья Жвакиных из г. Черкесска. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Горячая линия».**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Три мушкетера» 8 серия (12+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Грач» 9 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## СУББОТА 20

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». Крещение. (0+)**

**АРХЫЗ 24**

05:05 «Ремесла» (12+)
05:30 «События дня» (12+)
06:05 «Ваше право» (12+)
06:30 «Нур» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» программа (16+)
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка»
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Имена и времена» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Синяя свечка(Волшебный свет)» (12+)
15:30 Мультфильм «Пинкод 2» (6+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Я здесь был» (12+)
18:20 «Российское общество знание» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Фабрика грез» (16+) субтитры
23:55 «Музыка» (16+)

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 21

**РОССИЯ 1 + КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели».**
**Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

05:40 «Мой аул» (12+)
06:05 «Архызский лик» (12+)
06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Вор и его учитель» (12+)
15:05 М\Ф «Пинкод 2»
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Я здесь был» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Брак по-соседски» (16+) субтитры
23:20 «Музыка» (16+)

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
БЕМЫРЗЭ Зураб, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
P — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2737-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием - 26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ